Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Берд Хь.А.:

- Настаевэ Зубайдэ Магомет и пхъэм псэупIэ ІуэхукIэ зэрыкъыщыгъэзам Налшык къалэм и администрацэр хэпльауэ абы хьыбар ирегъэщIэж абы и унагъуэ щ1ыхуплI хъур (езыр, и Іыр, бынитIыр) сымаджэгъэкIэ кьалэ пIотэ ч1эум псэупIэ щхьэкIэ 1992 гъэ лъандэрэ зэрыщы-тамкIэ. Нэгуэмэ и цIэр зезыхь уэрамым тет 85-нэ унэм хэт, зы пэш фIэкIа мыхьу 3-нэ фэтэрым щыпсэуащ. Я псэупIэр хурагъэ-фIэкIуэн щхьэкIэ щ1ыпIэ куэдым щытхъэусыха нэужь, Настаевэхэ хагъэхьауэ щытащ зэман кIыхьэ-кIэ кьалэм и общежитэм щыпсэухэм щхьэкIэ инвес-торхэр. Мы зэманым ягъэбедж-жьыдакъым унагъуэхэр а щ1ыпIэм игъэІэпхъуКIыным, проектым кьигъэув Іуэхугъуэхэр гъэзэщIыным пыщIа псори зэфIэзыгъэкIыну ухуакIуэр.

- Лифтыр апхуэдизу мэЗуэлъа-гъэр, унэм ущыпсэуну гугъуу, ЖЭК-м ар зыкIи къыфIэуухуэ-къым. Унэ блынэр зэрыгъэхьейм панелхэр зэкIэщIилъэжьыу унэр къэуэнкIэ хъунущ.

Жылэтемэ, Налшык къ., Москва уэрам, 14.

- Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Берд Хь.А.:

-ЖЭУ №3-м икIэщIыпIэкIэ Іуэхугъуэхэр илэжьащ Москва уэрамым тет 14-нэ унэм и лифтыр зэгъэпэщыжьын икIи зэтеуухэн и лъныкъуэкIэ.

- Нэгуэмэ и уэрамым тет 7-нэ унэр, кхьаих хъуар (ду дыныпсэ-уар) иныжьбзэр и нэкI Іуэхри, утыкум дыкьинащ. Абы лъандэрэ фэтэрхэр дыкьаГъэгугъэ, пIалъэр жамыІэу. Дапщэщу пIэрэ ди гугъапIэр нахуанI щыхъунур?

Аппаевэ Зульфия Зубер ипхъу, унэгъащ, Налшык къ.

Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Берд Хь.А.:

- Аппаевэ (Магомедовэ) Зульфия Зубер и пхъур и щхьэгъусэмрэ и бынитIымрэ щ1ыгъуу зи псэупIэр егъэфIэкIуэным хуэныкъуэм я учетым 2001 гъэ лъандэрэ щыгъ №3255-р ящ1ыгъуу. 1989 гъэ лъандэрэ Турист уэрамым тет унэ 74 «б»-м хэт іэпшащ хъу фэтэр 31-м щIэс и анэм деж щытхащ, мыдрейуэ и пхъэгъусэ Аппаев Кьайсын Кьэнэмэт и кIуэрэ Нэгуэмэ и уэрамым тет 7-нэ унэм щыпсэу и Іыхьлыхэм, Биттировхэ я деж, щытхащ. Аппаевэ З.З. и унагъуэр ирэжьпIэкIэ зэи щыпсэуакъым Нэгуэмэ и уэрамым тета 7-нэ унэм.

А унэр зытет щ1ы Іыхьэр 1990 гъэм «Къэббалькъмэкъумэштехникэм» хухахауэ щытащ фэтэрри 104-рэ хъу унэ щиухуэну, а щIыпIэм щ1ыпсэухэр я вEдомствэм и хьэкIэ ириГъэІэпхъуКIыным. АрщхьэкIэ ахьщэ зэрамыІэм къыхэкIыу, яп Іыхьэр зэхъыр хъуэу ятаІ нэужь, унэр ухуэнщ къыщэтеувыІащ. Апхуэдэ щытыкIэм кьрикIуаращи, унагъуэ 16-м я Іуэхум нобэр къыздэсым унафэ тещIыкIа мыхьэнэ кIэнэ). Мы зэманым кьалъытхъэ а унэр адэкIэ зыухэну инвестор.

- 1998 гъэм фэтэр къыщызатащ Москва уэрамым тет унэм. А фэтэрыр къыщызатым изхьатэм сизыщIэса зы нэн фIэкIа мыхьу фэтэрыр стыжьн хуеящ, ауэ си лIым сыбгъэдэжьажу фэтэр зырызым дыщытеуэн хуей щыхъуи, апхуэдэу сщIакъым. Иджы судым унафэ ищIащ къэмэх си къуэ гъэмафэжэ, си ихъэр, бынитIэ мыхъуа быитIыр си гъуэгу сыщыпсэу, пэшитI хуэ фэтэрым сыщIалъэжкIыну. Ар хабзэм дауэ щыпсэуну щIэхъуэпсэу. Къэбэрдей-Балъкъэр Урысейм зэрыхьхэр ирихьэлIэу ахэр Іуахы-ну жаІэ. Апхуэдэу щытмэ, ди псэупIэхэр зэгъэпэщыжьынымк ыхьыкIуэ тодмыгъэкIуадэмэ нэхьыфIкъэ?

Петраковэ Ж.В., Налшык къ.,

Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Берд Хь.А.:

- Жьы хьуа псэупIэр Іухьыну Къэбэрдей-Балъкъэр Урысей къэралыгъуэм зэрыхьхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур гъэлъэ-пIэным пыщIакъым.

Налшык къалэм и администрацэм къелъыхьу а щIыпIэм проектым ипкъ иткIэ ухуэныгъэ щрагъэкIуэкIын щхьэкIэ инвес-торхэр. Мы зэманым ягъэбедж-жьыдакъым унагъуэхэр а щIыпIэм игъэІэпхъуКIыным, проектым кьигъэув Іуэхугъуэхэр гъэзэщIыным пыщIа псори зэфIэзыгъэкIыну ухуакIуэр.

- Лифтыр апхуэдизу мэЗуэлъа-гъэр, унэм ущыпсэуну гугъуу, �жЭК-м ар зыкIи къыфIэуухуэ-къым. Унэ блынэр зэрыгъэхьейм панелхэр зэкIэщIилъэжьыу унэр къэуэнкIэ хъунущ.

Жылэтемэ, Налшык къ., Москва уэрам, 14.

- Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Берд Хь.А.:

-ЖЭУ №3-м икIэщIыпIэкIэ Іуэхугъуэхэр илэжьащ Москва уэрамым тет 14-нэ унэм и лифтыр зэгъэпэщыжьын икIи зэтеуухэн и лъныкъуэкIэ.

Ауэ унагъуэм я нэхъыжь Настаевэ Б.М. щыщIэ зы пэш фIэтэрым зыкъыщIинащ. И щхьэгъусэр, и къуэмэр и пхъэмрэ и гъусэу, ордер кьратынми пэмыплъэу, хуэхъа пэшипIэ фэтэрым Іэпхъуащ. Кьалэ администрацэм 2000 гъэм а Іуэхумкlэ кьаІэ судым зыхуэгъэзащ икIи абы ищIа унафэм ипкъ иткIэ, Настаевэ Москва уэрамым тращIыхьа 14-нэ унэм хэт 167-нэ фэтэрым кьыщIагъэ-кIын хуейщ. Апхуэдэ унафэм и ужькIэ, Настаевэхэ мызэ-мытIэу щытхъэусыхащ кьалэ судым, КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм, республикэ прокуратурэм суд унафэр ирагъэкъутэжьну. Ауэ а унафэр зэрыщыту кьагъэнэжащ, прокуратурэм ириГъэІэуэ къэпщIэтыгъэм хабзэр зыгуэрэ кьыхэзыщIу кьиІэтыкъым. И унафэ кьащта икIи унэ гупэм и Іупльапэр реконструкцэ ящIа нэужь, тхъэусыхафэр кьызыбгъэдэкIа щ1ыхубзыр арэзы зэрыхьауэ щытамкIэ щIегъэжащ. И гъэнэгъэм и пэшым кьыгуфIыхьыну хуит зэращIыжкIэ унафэ кьэпащта зэманым льандэрэ Тэтэр А. мызэ-мытIэу жиІащ а унафэмкIэ зэрыарэзыр, апхуэдизри щIегъуэжащ.

- Ещанэ поликлиникэм екIуалIэу зы маршрутки зекIуэркъым. Сымаджэхэм я дежкIэ икъукIэ гугъущ поликлиникэм нэс лъэсу кIуэнщ. Налшык къалэм и администрацэм а Іуэхумкlэ мызэ-мытIэу дызэрелъэIуам зыри зэкъыжьыкъым. ДныныбэлъэIу фыкъыддэIэтыжьну.

Ивановэ Марие, 2-нэ гупым хьихэ ныкъуэдыкуэ, Налшык къ.

Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Берд Хь.А.

- Комаровым и уэрамым щызэкIуэ маршруткэ №25-р, ар кьыщуовыIэ Мэлбахъуэм и уэрамымрэ Хмельницкэм и уэрамымрэ щызэтехьэм деж. А къэувыIэпIэм 3-нэ поликлиникэр зэрыгъэжьажр мехъу 450-кIыщ, нэгъуэщIу жьпIэмэ, лъэсым хуагъэбелджьылы жьжьагъэм (метр 600-м) къреубыдэ. Ди жагъуэ зэрыхъуши, дэтхэнэ унэм деки къэувыIэпIэ щ1ыщIыну Налшык къалэм Іэмал къуитIыркъым.

Уэзрысыр зэ фIэкIа умыхъэжьу къалэм и дэнэ щ1ыпIи унэсыфы-нущ.

- Ди унащхьэм псы кIыпхокI, интуэтуркэр кьыкIэрохэу, ауэ унэр зэгъэщIылIа ЖЭК №7-м абы и лъныкъуэкIэ зыри иІэжьыркъым.

Урыс Е.Т., Налшык къ., Крыловым и уэрам, 9-нэ "А" унэ.

Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Берд Хь.А.:

- Урыс Е.Т. зыщIэж псэ пса кьыпхыжу зэрызыкIытхуигъэ-за ныкъуасныгъэр ягъэзэкIуэжащ. ЖЭУ №7-м и МУП-м и кьаруКI 2007 гъэм щ1ыщылэм и 20-м ирихьэлIэу Крыловым и уэрамым тет 9-нэ «А» унэм и япэ щ1ыхьэпIэм хуэзэу метр зэбгъуэзнатIэ 300-м телъ шиферыр зэрахьэкIащ.

- Сэ Хьэсэий кьуажэм участкэ дохутыру сыщолажьэ, лэжьыгъэ стажу илъэс 22-рэ сиIэщ, си закъуэ бынитI сопI. ПсэупIэ Іуэхукlэ мызэ-мытIэу захуэзгъэза иужь, кьалэм и администрацэм хъыбар кьызигъэщIащ Профсоюз уэрамым трагащыхь псэупIэ унэр ящхьэ си Іуэхум зэрыхэльъэпэнэмкIэ. Сэ сыщыгугъ хъуну пIэрэ си Іуэхур зэфIэкIыну? Чэзум сыуви щхьэкIэ, Хьэсэий кьуажэм щы-зиІэ щIы Іыхьэм сытыкIыи хуей хъуащ.

Щэбэтыкъуэ С.С.

Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Берд Хь.А.:

- Щэбэтыкъуэ Светланэ СультIан и пхъур Береговой уэрамым тет 7-нэ унэм, и щхьэгъусэу щытам и Іыхьлыхэм ейм, щопсэу. Мэтр зэбгъуэзнатIэ 79-рэ фIэкIа мыхъум щIыхь 12 щыхухахащ. Зи бгъуагъыми, зи кIыхьагъымкIи сантиметр 70 кьикI щIыпIэм и бэджэндыпIэр сом 15, зи бгъуагъыр сантиметр 70, зи кIыхьагъыр зы метррэ сантиметр 20-рэ хьу щытыпIэм сом 30 хуэзэу ягъэуващ, Ар хуэди 2,7-кIэ нэхъ мащIэщ промышленнэ хьэпшыпхэр щащэ щытыпIэм и уасэм елъытауэ. Бззэрым тет хьэщIаткIуэхэм депсэлащ сатуущIэхэм емыкIыуэн-шэкIыну. Кьэхущхьэ Іуэхум я лъжьыгъэм и кIэлъыплъыныр сату комплексым и администрацэм и пщэ дилъхьэжащ.

-Бззэрыр реконструкцэ ящIыну пIэрэ, Горькэм и уэрамым тет 43-45 унэхэм щыпсэухэм я Іуэхур дауэ къыщIидзыну?

Уиз комитет.

Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Берд Хь.А.:

- Сату комплексыр реконструкцэ ящIынущ лъэхъэнэкIэрэ зэпыдауэ. Дыззрыт илъэсым я мурадщ метр зэбгъуэзнатIэ 1092-рэ къызэрыкI павильон яухуэну, метр зэбгъуэзнатIэ 1283-р зыубыд сату щIыпIэхэр зэІуэпэщ ящIыну.

Горькэм и цIэр зезыхь уэрамым тет унэ 43-45-м, Ахъуэхъум и цIэр зезыхь уэрамым тет 135, 137, 139 унэхэм щIэсхэр щIэгъэІэпхъукIын и лъэныкъуэкIэ иджыри унафэ кьащтакъым.

- Иджыри куэдрэ екIуэкIыну къулыкъуэр ящэу? И акъылымрэ и щIэныгъэмрэ хуэфащэу щIыхур лэжьапIэ увыну Іэмал щыIэкъым.

Щамырзей Маргаритэ.

Жэуап ирет КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КъБР-м и Президентым и Администрацэм кьрал къулыкъум, кадрхэм, къэрал наградэхэм ехьэлIа Іуэхугъуэхэмкlэ и управленэм и унафэщI Власов А.А.:

- Къэрал граждан къулыкъым зэрагъэувым и гугъу пщIымэ, «Урысей Федерацэм къэрал зэрыщагъэувым и Іуэхукl»

"Кабардинка" къэрал академическэ ансамблым удж-хъуурей егъэзащIэ. *1998 гъэ. Сурэтыр* **УЭЛДЖЫР Артур** *трихащ.*

● Футбол

Ди Рикарду нэхъ лъэщт!

«Кубань» (Краснодар) - «Спартак-Налшык» - 2:2 (2:1). Краснодар. «Кубань» стадион. Мэлыжьхыым и 1-м. Цыху мин 28-рэ епльащ.

Судьяхэр КОЛОБАЕВ, Дроздов, Кулагин (псори Мэзкуу щыщщ).

«Кубань»: Габулов, Калешин, Орехов, Ленгиел, Джефтон, Лысэ, Ушенин, Иванов, Рикарду (Зуев, 77), Янбаев, Стрелков (Зебелян, 87).

«Спартак»: Сидельников, Евсиков, Шумейкэ, Амисулашвили, Ятченко (Гвазава, 77), Ланько, Мэшыкъуэ, Файзулин (Матич, 83), Пилипчук, Уэденов (Роденков, 63), Рикарду Жезус.

Топхэр дагъэхЫащ: Орехов-вым, 22 (1:0). Рикарду Жезус, 30 (1:1). Янбаевым, 42 (2:1). Рикарду Жезус, 84 (2:2).

Дагъуэ хуащIащ Амисулашвили, Мэшыкъуэм, Ятченкэ, Ленгиел.

Премьер-лигэм мы гъэм зыгъэзжа «КубаныМ» и зэIущIэхэр Краснодар крайм щафIэщIэщыгъэщ. Мэлыжьхыым и 1-м «Кубань» стадиониым иIэ тIысыпIэ мин 28-ми щIыхур изт. Хэти фIэхьлэмэтщ къэралым и командэ нэхъыфIхэм я джэгуалIэм кIэлыпIыну. Апхуэдэу, 2005 гъэм ди «Спартакымрэ» «КубаныМрэ» премьер-лигэр зэпачубыду псалъэмакъ кьикIауэ зэрыщытар зэращымыгъупщэжами шэч хлъхьэм. ЗэрыфщIэжщи, Налшык а лъэхъэнэм къащыхъуахэр щхьэусыгъуэ ящIри, краснодардэхэр ди деж щыджэгуну къэкIуауэ щытакъым икIи 3:0-у хагъэщIауэ кьалытат. Абы щыгъуэми фIэщщIыгъуейт «Кубаныр» ди щIалэхэм кьапэщIэтыфыну: зэи здэщымыIа премьер-лигэм хуэкIуэ гъуэгум налшыкдэхэр кьызэрыпхутегъэкIуэтын щы-Iэтэкъым. Итлъэ дкIри, краснодардэхэри къэралым и командэ нэхъыфIхэм яхьхьащ, ауэ гъжьгъэжьыр кьэнащ.

Идкы, ди командэхэм я зи чэзу зэIущIэм щIидэзым махуэ зыгIуцI иIэжу абыхэм я билетэхэр щэн яухат. Гъунэгъу Адыгейм щыщхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэмри мащIэтэкъыми, аэр ерыщу ди командэм кьыдэщIырт.

Джэгум зэрыщIидзэу, хэгъэрейхэр ебгъэрыкIуэу хуежьащ, арщхьакIэ ди щIалэхэм ар всыпщIэ дыдэу кьызэпаудащ икIи езыхэр ятегупIэу щIадзащ. Краснодардэхэм псэхугъуэ иратыртэкъым «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэхэу Рикарду Жезусрэ Уэденов Романрэ. Гъуэм еуэнымкIи, бжьгъэр кьызэIуахьыну кьахуэкъуэ IэмалхэмкIи налшыкдэхэр япэ ятIт.

Ауэ «Кубанми» езым и Рикарду иIэжу кьыщIэкIащ, ари дыдейм хуэдэу Бразилием кьрашауэ. Араущ си фIыгъэр хэгъэрейхэм бжьгъэр кьызэрыгъэзыхар. Рикарду штрафиойр Iэзэу игъэзащIащ икIи абы кьрита топым Ореховыр щхьэкIэ еуэри, ди гъуэм кьыдигъэкIащ.

Абы нужькIэ «Спартак-Налшыкым» и Рикарду зыкъызэкъуихьпащ. Ар краснодарэхэм я гъуащхьэхъумэхэм яхуэмыIыгъыжьхэр хьуащ икIи 30-нэ дакъикъэм ираудащ. Штрафиойр езы Рикарду игъэзэщIащ, бжьгъэри зэхуэдэ ищIыжащ.

Командхэм загъэпсэхуну икIыным куэд имыIэжу, «Кубаныр» аргуэру япэ ищащ, Калешиным кьыхита топыр ди командэм и капитан Евсиковым кьызэтригъэувыIэри, езыр IукIуэтыжащ икIи, Янбаевым апхуэдэ щыуагъэр кьитIэсэбэпри, ди гъуащхьэтет Сидельниковым топ кьыхудигъэкIащ.

Япэ ища «Кубаным» я бжьгъэр ихъумэну хущIэкъуами, ди Рикарду Жезус ар кьаригъэхъулIакъым. Уэденовым и пIэкIэ кьрагъэхьа Роденковыр льэщу зэуа топым Габуловым кьригъэтъэщащ, ауэ ди Рикарду абы япэу нэсри, етIуанэрэ мы зэIущIм кьыщыхэжаныкIащ, и командэм зы очко кьыхуихьу зэIущIэр 2:2-уэ ихуащ. КьищынэмыщIауэ, Рикарду Жезус занщIэу яхьхьащ премьер-лигэм и гъащхьауэ нэхъ Iэзэхэм. Езым хуэдэу, нэгъуэщI футболистихми мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ топ тIурытI дагъэкIащ.

Ещанэ джэгугъуэм кьрикIуахэм кьахэзгъэщхьэхукIыпхъэщ Санкт-Петербургрэ Мэскуурэ щэбэтым щекIуэкIахэр. Мылькупхуэ тезыгъэкIуадзу «ныдыгъэлъэщащ «Зенитым» «ищхьэрэ кьалащхьэм» щригъэблэгъат «Спартакыр». ХьэщIэхэр 3:1-уэ текIуащ, абы и ужькIэ командитIым кьадэщIэхэр зэрэуэжащ икIи куэд дыдэм фбжь дитIыну я зэпэщIэтыным ЦСКА-р зэи зэрыщытемыкIуар.

Адрейхэм я зэIущIэхэр мыпхуэдэу нухащ: **«Рубин»** (Казань) -**«Химки»** (Химки) - **2:1, «Крылья Советов»**(Самарэ) - **«Москва»** (Мэзкуу) - **0:0, «Томь»** (Томь) - **«Сатурн»** (Мэзкуу область) - **1:1, «Луч-Энергия»**(Владивосток) - **«Ростов»** (Дон Iуг Ростов) - **1:1, «Амкар»** (Пермь) - **«Динамо»** (Мэзкуу) - **1:1.**

КьыкIэлъыкIуэ джэгуегъуэр ди щIалэхэм мэлыжьыхьым и 8-м ирагъэкIуэкIынущ. А махуэм Налшык къеблэгъэнущ Кьэзан и «Рубиныр». Мэзрэй зэхьэзэхуэм и япэ текIуэныгъэр, «Спартак-Налшыкым» абы кьыщихьыну дыдэм хэлъкъым.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и турнир таблицэ

Командхэр	Дж	Къ	З	ФI	Т	О
1. ЦСКА	**3**	**2**	**1**	**0**	**6-2**	**7**
2. «Спартак»	**3**	**2**	**1**	**0**	**4-1**	**7**
3. «Москва»	**3**	**2**	**1**	**0**	**3-0**	**7**
4. «Амкар»	3	1	2	0	4-2	5
5. «Крылья Советов»	3	1	2	0	1-0	5
6. «Томь»	3	1	1	1	3-3	4
7. «Луч-Энергия»	3	1	1	1	2-2	4
8. «Зенит»	3	1	1	1	5-6	4
9. «Локомотив»	3	1	1	1	2-3	4
10. «Химки»	3	1	0	2	2-3	3
11. «Рубин»	3	1	0	2	4-6	3
12. «Динамо»	3	0	2	1	2-3	2
13. «Кубань»	3	0	2	1	2-3	2
14. «Сатурн»	3	0	2	1	2-3	2
15. «Спартак-Налшык»	**3**	**0**	**2**	**1**	**2-4**	**2**
16. «Ростов»	**3**	**0**	**1**	**2**	**4-7**	**1**

ЖАНАТАЕВ Исмаил Къаплъэн и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхэ ягъэтащI. И лIыжьыр илъэс 67-м иту дунейм ехьжащ УФ-м, КЪБР-м щIыхь зиIэ я артист Жанатаев Исмаил Къаплъэн и къуэр.

Жанатаев Исмаил Iуащхьэмахуэ районым хьихьэ Гундэлэн къуажэм 1940 гъэм щэкIуэгъуэм и 6-м кьыщалъхуащ. 1970 гъэм Тбилиси дэт къэрал консерваторэр кьиухри, КъБР-м и Къэбэрдей-Балъкъэрым тлэкъэн щыщIидзащ.

Солист зэчиифIэм и творческэ гъэзугуанэ кIыхьым кьриубыдэу цIэрыIуэ хъуа оперэхэм апре пэрытхэр щигъэзэщIащ, утыкум зихуэдэ щымыIэ образхэр кьыщигъэщIащ икIи ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и макъамэ гъуэндэжм и тхьдэм хьихьащ. Абыхэм ящыщщ Верди Дж. и «Риголетто» (Риголетто), «Травиата» (Жермон), Леонковалло Р. и «Паяцы» (Тонио), Бизе Ж. и «Искатели жемчуга» (Зурга) оперэхэм щигъэзэщIа ролхэр.

Ар хамэ къэрал, урысей композиторхэм я классикэ опереттэхэр макъ пIэщIэ зыгъэзащIэ, зихуэдэ щымыIэ уэрэджьыIакIуэу я къатыпэту Музыкэ театрыр кьыщызэIуахам щыщIидзауэ нобэр кьызыдэсым къекIуэкIащ.

Макъамэ, театр гъуэжджэм зеГъэужьыным хуиущIа хэлъхьэныгъэм пащIэ 1998 гъэм абы кьыхуагъэфащащ КъБР-м и Къэрал саугъэтыр.

Жанатаев Исмаил и цIэм ехащ лъэпкъ щэнхабзэм и зы Iыхьэ псо. Абы игъэзащIэ балькъэр цIыхубзэ уэрэдхэм я щIыгъэ щIэкIэ ди гъуэгум щыгъэзащI.

Къанокъуэ А.Б., Бечелов И.Б., Ярин А.В., Геляхов А.С., Бозий Н.М., Гъэсашэ Н.Къ., Гъызыев Б.Хь., Дышэкl М.Р., Залиханов М.Ч., Зумакулов Б.М., Зумакуловэ Т.М., Къэжэр А.Хь., Мэкъуауэ Хь.Хь., Уэтэр М.А., Созаев А.С., Тау П.Къ., Темырканов Б. Хь., Тут З.Н., Тхьэзэплъыкъ М.Т., Федченкэ Л.М., Хьэпуэ Дж. Къу., Чеченов А.А., Чеченов Хъу.Дж., Ефэнды Дж.Къ.

Академием и пщащэ нэхъ дахэ Щомахуэ Милан

● Зэпеуэ

Гъатхэр дунейм и дахэгъуэщ, и щIэрэщIэгъуэщ. Абы ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ академием илъэс зыбжанэ хъуауэ ирегъэкIуэкI «Академием и пащащэ нэхъ дахэ» зэпеуэр.

АПХУЭДЭУ, гъатхэпэм и 23-м КъБКъМА-м и пэшыыпхуэм щекIуэкIащ кьыкIэлъыкIуэ зэпеуэ. Абы и кIэух зэхьэзэхуэм нэсар цIыхуипщIщ. Абыхэм нэхъ дахэр, нэхъ IущIр, нэхъ Iэпщ-Iьапщ Iэр кьыхахыну дзыхь хуащIащ академием и егъэджакIуэхэм, гъуэжджэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэ пэрытхэм.

Хьыджэбзхэр трагъэгушхуэну утыкум кьыхьащ нэгъабэ мыпхуэдэ дыдэ зэпеуэм щытекIуэхэр.

Зэпеуэр пщащэхэм кьызэIуахащ кьекIуэлаIэхэм зыкьызэрыраГъэцIыкъ усэхэмкIэ. Пэшым щIэса хьыджэбз цIыкIуэхэр яфIэгъэщIэгъуэну кIэпсыпIпащ зэпеуэм хэтхэм фэилъхьэгъуэ зэмыпIэужьыгъуэ зэблахъуэахэм. Мэ гуакIуэ кьызыхих шхыныгъуэ Iэфхэсм хагъэIэбащ зэIущIэм хэтахэр. Дахэу зэрызахуэпэмрэ Iэфцу зэрыпщафIэмрэ кьыщынэмыщIа, хьыджэбз цIыкIуэр спортми дихьэхыт. Зыкъзытъэгъуэныр яуха ныжь, жюрим псори кьыпщытэжащ. Абы икъ иткIэ «Академием и пащащэ нэхъ дахэ-2007» цIэ лъапIэр хуагъэфэщащ финансхэмрэ кредитхэмрэ факультетым и студент Щомахуэ Миланэ.

Пащащэм тыгъэ лъапIэхэр ираташ, кьищынэмыщIауэ, илъэс къэс «Урысей радио»-м иригъэкIуэкI «Урысей радиом и пащащэ нэхъ дахэ» зэпеуэм хэтыну ирагъэблагъащ.

Зэпеуэр щыщIэпагъэхэм дежь, гуфIэнчъуэ пшыхьым кьекIуэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ КъБКъМА-м и студентхэу Тхьэкlумащ Аслъан, Абазэ Мадинэ, Хочуевэ Джамиля, Алтуев Заур сымэ, «Синдхэр», «Crazy dance» гупхэм.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Афияным зыдумыгъэхьэх!

● Акцэ

Гъуэзджэмкlэ Кавказ ищхьэрэ институтым щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкlэ и колледжым иджыблагъэ щекIуэкIащ «ЖеIэ афияным - хьэуэ!» концерт-акцэр. Пщыхьэщ кьызэрагъэпэщащ республикэ наркологическэ диспансерым и дохутыр-наркологхэм нэхъыщхьэ ПащIэ Артур и зэрэдэмкIэ.

КОНЦЕРТЫМ кьрихьэлIахэщ «Зыу э щыт Урысей» политикэ партым и Налшык къалэ исполкомым и унафэщI **Дыченко Владислав,** колледжым и директор **Щомахуэ Артур,** Налшык къалэ егъэджэныгъэмкIэ и департаментым, КъБР-м и Наркоу зкуIэлIэм я лыкIуэхэр, къалащхьэм дзт школхэм щыщ еджакIуэхэр.

- Япэрауэ, мы зэIущIэм кьекIуэлIа псоми сэлам гуапэ фэсэлъэну сыхуейщI ikIи концерт-акцэр кьызэдгъэпэщыныкIэ щIэгъэкъуэн кьыгъэхьуа псоми фIыщIэ яхуэощI, - жиIащ ПащIэ Артур. - Дэ нобэ зи гугъу тщIыну ди къалэм, ди республикэм я зэкъуэкъым зи гукъеуэр, атIэ ар дуней псор зэщIэзыубыдэ узыфэщ. Абы дыщебэныфынур псори дызэкъуэувэмэщ. ИтIанэщ ди Iыхьлъэр, ныбжьегъуэр, щIэблэщIэр кIуэдыпIэм кьыщитшынур. А узыфэ-ныгъуэгъэм пэгъунэгъуэ ахъщэ джэгукIэхэм дихьэхэри. ИкъуэкIэ гуапэ сщыхъуащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ э Арсен апхуэдэ джэгуIэпIэхэр бадзэуэгъуэм и 1-м кьыщыдэзыуэ зэхуэщIыну унафэ кьызэрэщIар.

Апхуэдэу, щIалэгъуалэ куэд гъуэгу нэпцIым техьэныр кьэувыIынут, кондитерскэ Iущхьэ щэнри ягъэувыIэну унафэ кьащтамэ.

Адэкlэ псалъэмакъым кьыпищащ Щомахуэ Артур.

- ИкъуэкIэ си гуапэщ нобэ ди колледжым мыпхуэдизу щIалэгъуалэ кьызэхуэсауэ щIыслъагъ ину, абы кьегъэлъагъуэ щIэблэщIэ кьыдэкIуэтелIэ я зэщыкIыным зэрыгъэжьыр. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, мы насыпныншагъэм сытым дежи зыщIыхьумэу дыпсэун хуейщ. Мыпхуэдэ акцэхэр кьызэгъэпэщыным зи кьарУ, зэман тезыгъэкIуадэ дэтхэнэ зыми фIыщIэ лей хуэощI.

Апхуэдэу иджыблагъэ «ЩIэблэщIэ гвардия» зэгуэныгъэм иригъэкIуэкIащ. «Дэ наркотикхэм драбищI!» зыфIащащ, школакIуэхэм яща плакатхэм я зэпеуэ. Абы ипкъ иткIэ, плакат нэхьыфI зыщIэуэ кьальытахэм я щIэхэр нобэ мы пэшым кьыщитIуэнущ. Плакат нэхъ дахэ дыдэ ищIащ Быгуэ Азрэт, етIуанэ зэвпIэр кьихьащ ЦIыпIынэ Миланэ, ещанэ хъуащ Башиев Джамал.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ зэрадэлажьэм папщIэ, наркоIуэхущIапIэмрэ Налшык егъэджэныгъэмкIэ и департаментымрэ кьабгъэдэкI фIыщIэ тхыльхэр ПащIэ Артур иратащ.

- Артур илъэс куэд хьуауэ сэбэпышхуэ кьытхуохьу, мыпхуэдэ акцэхэр кьызэрыгъэпэщкIэрэ. КIэщу жыпIэмэ, и гъащIэ псор наркотикхэм ебэнхэм ядэIэпыкъуу ехь абы, - жиIащ наркоIуэхущIапIэм и унафэщI АфIэуэ нэ Къазбэч.

- Артур сэрэ илъэс куэд щIауэ дызэныбжьэгъуэ икIи зэрысщIэжрэ драбищI: зыфIащащ, школакIуэхэм ящIа плакатхэм я зэпеуэм зэхуэгъэгъуэлъэн захуэзэгъэзэну сыхуейт: «Дызэжьуэгъэзэуви, девгъэбэн мы уэ бзаджэм! Дэ дызэжьуэтмэ, дыпъэщIу. ЖедгъэIэ наркотикхэм - «Хьэуэ!»

- жиIащ Дыченкэ Владислав.

ПащIэ Артур илъэс 30-м нэблагъэуэ уэрэд етх, ахэр игъэзащIэуэ утыку кьохьэ. А пщыхьэщхьэмэ Артур и уэрэд купщIафIэхэм пэшым щIэс псори итхьэкъуэуэ едэIуащ, куэдым зэрыригъэупсысамэ щэн хэлъкъым.

КЪУДЫГЪУ Къанщобий.

ЖЫЛАСЭ ЗАУРИ ЛЕЙ ЗЫХУЭГЪЭГЪУ КЪАХУРЕГЪЭГЪУ

ГОЛЫМ ЦЫЩ ТАМЫГЪУЭКIЭ

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№56, 57, 58, 60-хэм итщ)

Цыхубзхэр щежьжым, Мэлэчыпхъу дэтхэнэми бумэзей щэкIыщхьэ зырыз яритащ.

Катя хуагъасэрт щэкI зэрызэIуащэм, хэдыкIым, лэкъум гъэжьэным, нэкIэ щапхъэ трихыу фэилъхьэгъуэ дыным, хьэлыуэ Iэнэ уПIным. Сыт хуэдэ Iуэхуми фIэфIу пэрыхьэрт, хьарзынэу хэзагъэрт, ауэ и Iуэхэр кьыщитгъэпщи кьэжьурт:

- Сешащ! АфIэкIа схуэщIэнукъым.

И ущиякIуэ бгырыс щыхубз Iэпэ-Iэсэкэр дыхьэшхырт:

- Iуэху ныкIуэщIэ къагъанэркъым, тхьэIуэхуд баринэ.

- Тхьэм идэркъэ?

- Тхьэми, лэжьыгъэми, хабзэми ядэркъым.

- Хьунщ, апхуэдэу щыщыткIэ, - арэзы зыхурт, Екатеринэ кьригъэжьар и кIэм нигъэсыртт.

Дахэуэси кIэрымыкIыу щыгъэт. Щышхэкlи зэгъуэгъэт, зы пIэм щыжеирт, я гуфIэгъуэ гунэздж зэрахьэлIэрт. Зэгуэрым генералпхъэм зыхуигъаззу жиIащ Мэлэчыпхъэ:

- И чэзу хъуащ уи щIыхькIэ хъыджэбз Iэнэ дыухуэну.

Катя йопльъ Дахэуэс. Абы и щхьэр ещI.

- Дэгъуэщ, нанэ, - арэзы хъуащ хъыджэбз хьэщIэр.

Арати, щIалэгъуалэ гушыIэ зэхьихэр яублэ.

Пщэдджыжьым щIалэгъуалэр зжуэсащ, хьэблэ псори кьыззхакIуэхьи щхьэкIэ. ЩIалэхэм я дамэ тельт къурагъ яехэр.

- Джэдлъхьэуэ дыкъежьащ! Джэдхэх кьыдокIуэхь, - жаIуэ щIантIэ кьэс дыкъежьэрт. МэзгащIэхэми гуфIэжу щхьэж зыхуэхьулейр иратырт: джэд анэ, адакъэ, гуэгуш жьпIэн - я пъакъуэхэр пхуэ хахьырти, кьурагъым кьыфIадзэрт.

Псом нэхъ зи гуфIэгъэуэ Катят.

- Джэдлъхьэуэ! Джэдхэх, - гуфIэжу джэрт ар икIи ивыIэтыу я имыIэу кьызэрыльэтыу дыхьэшхырт.

ЯлынкIуэ унэгущащэм я Iэпэ хуаошйрт кьрат джэдым е гуэгуши, щIалэхэм ящыщ гуэрым Iэпэ зытращIар кьнуБыдырт, фIагъэжьирт, бжэгъум фIадзэрт. Ари хабзэм щыщт. ЩIалэгъуалэм зыгуэр кьезыыпыта унагуэ къуажэм кьыдэнакьым. Зэхуэхьэса псори Катя и унэм ирахьэIащ.

Ильэгъуэ псом и гур кьызэщIаГъэтарэ и нэр кьихуу ар ныбжьыгъуэ хуэхьуахэм яхэпIэрт жиIэнур имыщIэу.

- АдэкIэ-щэ? Дэнэ мы кьомыр здэтхьынур?

- ТщIэнурИ? Дгъэвэнщ, дгъэжьэнщ, джэд дыбжькъ тщIынщ.

- ИтIанэ-щэ?

- ИтIанэ? ЩIалэхэм дакъеджэнщ, - жаIэрт кьэбэрдей пщащэхэм. - Абыхэмэ едгъэшхынщ, дэри тшхьжынщ тпщэфIар.

- Дбэхи дыкьеГъаджэ, - ихъущащ Катя Дахэуэс и тхьэкIумэм.

- Ари кьэкIуэнущ.

Щ1алэ хэм псэуэ кьызэдахьа джэдкъазыр фIагъэжащ, хьыджэбзхэм ярыщIащ, ягъэлIыгуащ, зэIахащ. КьызэрызэщIэгъэпльъэуэ пщафIэхэрт, нэжэгужэу, хьэрэгушыIэ зэрадзэу. ЩIалэгъуалэм кьахьхьащ Мэлэчыпхъу:

- Хабзэм кьызэриубыдыкIэ, мыпхуэдэ ует зращIэкIар зэрышащIащIэ хэрц, - жиIащ абы. - Дэ ар нобэ тедухуащ ди хьэщIэм.

- Сэ нысащIэ сымыкъуфыну ара? - хьыджэбзым и напIэр иIэтри, Дзбэч и анэм и нитIым щIэпльащ.

- Ухъуфынт, ауэ ущыхъуфынур уи адэм уеттыжа ныжьщ.

Ирипщэфэну Катя хуэхахащ шыуан щхьэхуэ. Бжьыр, б жьыныкъ ирагъэукъэбзащ, джэдгъи ратащ. Куэд мыщIэу щатэпс зэрыт фалъэ куу кьыхуахьащ.

- Джэдлъхьэкъ уагъэщIынущ, - кьеГъущэщащ абы Дахэуэс.

- Си гъащIэм сщIакъым...

- Зэгуэр щIын хуейкъэ? Си анэм сыкьеджэнэщ. Iэдииуэ, уа, Iэдииуэ, си шыпхъу Катя дэIэпыкъут.

- Абы псори езым ищIын хуейщ, - жиIат Iэдииуэ, арщхьакIэ хъыджэбзым дэмыIэпыкъут пъэкIакъым:

- Шыуаным тхъу идээ, дагъэр кьэпIымэ, бжьым упщIэта хэгъэльыбжьыхь...

Iэдииуэ Катя иригъэльэгъащ джэдхэр Iыхьэ-Iыхьэу, зэрызэгъкъарах щыкIэрт. Хьыджэбзыр набдзэгубдзапIэу кьыщIэкIащ. Абы нэмыщIуи урыс пщащэм и дэIэпыкъуэгъут Дахэуэс.

Куэд дэмыкIыу Пагуэ и пщIантIэм щызэфIадзащ щIалэгъуалэ лэгъупыIэмпIэ куэд. ПщIантIэми уэрамми джэдлъхьэмэр дэзт.

- Иджыв щыпсым джэдлъхьэ Iэпэтез хэгъэщащэ, - кьочэнджэщ Iэдииуэ.

Абдеж дыдэм пIастэри щагъажьэрт. Лэгъуп кьызыпльымысахэр кьафэ-джэгум хэтт.

ПщэфIэн яуха нэужь, щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ щхьэхуэ-щхьэжуэ щитIыскIащ пщIантIэщхьэм. Катя нэкIэ Дэбэч кьилъхьуэрт. КьиГъэутри, я нэ зэтехуащ. Пщащэм и гущIэм кьитэджыкIащ гуфIэгъуэ гуэр. Бэ тьэныкъуэкIэ епльэкIыжат, арщхьакIэ тепщэч нэщI кьиштэри, кьыбгъэдыхьащ Екатеринэ.

- Уи шыуан сибгъэшхыкIын? - и нитIыр игъэджэгуу йоупщI ар хьыджэбзым.

Катя цIыпIэу кьызэщIэнащ, а дакъикъэм шыпсым хигъауэу зэдзэкъа пластэр и тэмакъым тенэнмэ иIэжар кьыпIащ.

- Нтlэ-Iеи! Си джэдлыбжьэр хьуауэ пIэрэ, си шыпсыгъэр Iэфу пIэрт?

- Сшхымэ, бжесIэнкъэ?

Пхъэ бжэмышхыщхэмкIэ лы Iыхьэ нэ хьыфIу кьыщыхьэр тепщэчым иригъэхьри, шыпс щIикIэжащ.

- И щIыIум шыбжжинтъ тепкIэну зыщумыгъэгъупщэ, - кьоIущащэ абы Дахэуэс.

(КьыкIэлъыкIэнущ).

КЪБР-м и Журналистхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцIэм, КЪБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьанымкIэ гущIыхь жащIыхьащ Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым илъэс куэд хьуауэ хэт **Щоджэн Iэбу Къамбот и къуэр** зэрылIар икIи абы и Iыхьлъхьэмрэ я благъэхэмрэ яхуогуэвэ.

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Парламентым и Аппаратым и унафэщI **Болуевэ Нинэ Магомед и пхъум** хуогуэвэ абы и адэ **Калабеков Магомед Къаплъэн и къуэр** зэрылIам кьыхэкIыу.

● Гу зылъытапхъэ

Адыгэ тезгрым фрагъэбгъэкъ

Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхъэ театрым мэлыжьхьэ мазэм фыщепльфынущ мыпхуэдэ спектакlэм:

Мэлыжьхьыым и 5-м:
Шамхалов Мэжид - **«Гуащэ ябгэ»** *(комедие)*.
Мэлыжьхьыым и 10-м:
Шортэн Аскэрбий - **«Яшэмрэ къэлышхэмрэ»** *(комедие)*.
Мэлыжьхьыым и 12-м:
Кайтов СультIан - **«Анэм и гур»** *(драмэ)* .
Мэлыжьхьыым и 17-м:
Нало Заур **«IэфIынэ и нэ фIыщIитIыр»** *(лирикэ драмэ)*.
Мэлыжьхьыым и 19-м:
ЮтIыж Борис - **«Эдип»** *(трагедие)*.
Мэлыжьхьыым и 24-м:
Эдуардо де Филиппо - **«ЦIыхуэ икIи джентльменщ»** *(комедие)*.
Мэлыжьхьыым и 26-м:
Горин Григорий - **«Кин ЕплIанэр»** *(комедие)*.

ЩыщIидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

УпщIэ зиIэхэр фыкъэпсалъэ хьунущ мыпхуэдэ телефонхэмкIэ: **42-64-94, 42-33-89.**

Гъуэзджэмкlэ Кавказ ищхьэрэ институтым щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкlэ и колледжым иджыблагъэ щекIуэкIащ «ЖеIэ афияным - хьэуэ!» концерт-акцэр. Пщыхьэщ кьызэрагъэпэщащ республикэ наркологическэ диспансерым и дохутыр-наркологхэм нэхъыщхьэ ПащIэ Артур и зэрэдэмкIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьэ Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Жылаев Маритэ, Льостэн Муэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкl - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкI э - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ Iапl эхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмолхэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIыхьэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхуэщ Iапl эм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къащыхьа бжыгъэхэм, къащыа Iэта Iуэхуэгъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ хьунту щытекIуэнущ.

Газетыр Iэ тезыдлахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы льэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м ЩIихэбзэмрэ хьыбарегъащIэ ГънатIэхэмкIэ и министерством 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхъэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ПщхьащмыщI Иэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.)*, Табищ Динарэ *(3, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Къунаш Залинэ *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ:* Щаикlу Мадинэ, Щомахуэ Маринэ,*суэрэтащI* Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн сыхьэт 20.00-м. ЩIыградзэ сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.289● Заказ №942